**МУНИЦИПАЛЬНИ УЧРЕЖДЕНИ**
**«ГУЬМСАН МУНИЦИПАЛЬНИ К1ОШТАН ШКОЛАЛ ХЬАЛХАРА ДЕШАРАН УРХАЛЛА»**
**Муниципальни бюджетни школал хьалхара дешаран учреждени**
**«Гуьмсан муниципальни к1оштан Гуьмсе-г1алин «Берийн беш № 11 «Нана»**

# МАЬРША ДАХАР НОХЧИЙН МАХКАХЬ



**Кечйинарг:**
**кхетош-кхиорхо**
**Селимбаева Х.М.**

**16-г1а апрель Нохчийн Республикин Маршонан Де ду, аьлла, д1акхайкхийна 13 шо кхечи. И вайн коьртачех долу деза де мичхьара схьадаьлла, муха хилла ду?**

1999 шарахь вайн махкахь террористашна дуьхьал долу низам (КТО) дара х1оттийна. Иза д1ададаккхаран 1алашо йолуш Нохчийн Республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана боккха болх бира. КТО-н низам д1адаккхар бахьана долуш, республикехь болх бан йолайелира пачхьалкхан 1едалан а, урхаллин а институташ, экономикин, социальни сферин а бакхий аьттонаш бира.
Россин Президента В.В. Путина Нохчийн Республикин Куьйгалхочун белхаш а, кхайкхам а тидам боцуш ца битира. Цунна гуш дара Кадыров Рамзана шен ден Ахьмад-Хьаьжин некъа т1ехь хьоьгуш долу къа а, бохуш болу кхиамаш а. Цундела цо республикехь долу хьал Рамзанан кера д1аделира.
Т1аккха д1айолайелира республикехь г1ишлошйаран «бум» а, социальни сфера айъар а, террористашна дуьхьал беш болу къийсам ч1аг1бар а.
Охана йалхийттолг1а де Нохчийн Республикин Куьйгалхочо шен указаца деза де а, балхара мукъа де а, ду, аьлла, билгалдаьккхира. Нохчийн Республикин Хьалхарчу Президента Кадыров Ахьмад-Хьаьжас (Дала г1азот къобалдойла цуьнан) ч1ог1а сатийсина, лардина, и бахьанехь шен са д1аделла де, ду иза. Республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана шен дас д1адолийнарг кхиамца чекхдаьккхира.
Цу дийнах лаьцна Кадыров Рамзана аьллера: «И ч1ог1а доккха де ду – дуьнена йукъара терроризмана т1ехь толам баккхар. Тахана дуьйна вай республикин керла истори йолало. Вай дуьненна а хаийтира, вайш Росси ларйан доьналла долуш дуй а, вешан культура, 1адаташ цхьаьнгге а х1аллакйойтур йоций а. Вешан къоман йахь ларйина вай. И исторически сацам бахьана долуш, вайн регион машаран, социально-экономически кхиаран новкъа йелира».